

Pwotokòl Tès ak Karantèn CPS pou COVID-19



TÈS COVID-19

Ak yon fòm konsantman ki siyen, elèv yo ka patisipe nan twa kalite tès COVID-19:

- Kontwòl sekirite COVID-19 chak semèn (ki te konnen anvan kòm gwoup tès) pou detekte ka yo ki san sentòm
- Tès ak sentòm pou elèv ki demontre sentòm pandan jounen an
- Pwogram Tès ak Rete pou teste kontak sere san vaksinen yon ka pozitif nan lekòl la. Elèv k ap patisipe yo pral teste chak jou nan lekòl la pandan 5 jou konsekitif. Yo dwe mete mask toutan nan lekòl la & pandan aktivite lekòl la patwone, mete mask toutan. Yo dwe fè karantèn lwen popilasyon jeneral la nan aswè ak wikenn, epi kontwole sentòm yo pandan 14 jou.
- Yon fòm konsantman ki iyen obligatwa pou patisipe nan tès COVID-19 CPS nan lekòl la.

Konekte nan Pòtal Fanmi an nan

https://secure1.cpsd.us/family_portal/ pou ranpli fòm ou yo



SENTOM

Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, ou ka pa ka antre nan bilding CPS yo sof si ou teste negatif pou viris la.

- Lafyè ki pi wo pase 100.0° F, frison, oswa frison latranblad
- Tous (pa akòz lòt kòz nou konnen)
- Difiltilte pou respire oswa souf kout
- Nouvo pèt nan gou oswa odè
- Gòj fè mal
- Maltèt lè li konbine ak lòt sentòm
- Doulè nan misk oswa kò fè mal
- Kè plen, vomisman, oswa dyare
- Fatig lè li konbine ak lòt sentòm yo
- Nen bouche oswa nen k ap fè dlo (pa akòz lòt kòz nou konnen) lè li konbine ak lòt sentòm

VAKSINASYON

Vaksinasyon se pi bon fason pou pwoteje tèt ou, fanmi ou ak zanmi, epi kominote ou. Menmsi li toujou posib pou genyen enfeksyon pafwa, vaksen yo dramatikman ap diminye risk pou entène lopital oswa koze lanmò. Si ou pa sèten si wi ou non ou dwe pran vaksen an, tanpri pale ak founisè swen sante ou.

Kisa sa vle di vaksinen okonplè: Ou pran tout dòz vaksen yo 14 jou apre ou resevwa 2èm dòz nan yon vaksen 2-dòz (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa depi ou te resevwa vaksen 1-dòz (tankou Johnson & Johnson). Nenpòt vaksen Oganizasyon Mondyal Lasante te apwouve nan CPS.

KONTAK SERE

An jeneral yon kontak sere kapab se yon manm nan fwaye a oswa nenpòt lòt moun ou pase plis pase 15 minit chak jou ak li, pi pre pase 6 pye apa pa jou. Sepandan, ou pa oblije fè karantèn si okenn nan bagay sa yo vre:

- Ou pran tout dòz vaksen yo
- Ekspozisyon an te fèt deyò
- Ou te nan yon bis lekòl (ak mask nan figi w ak fenèt yo ouvè)
- Ou te nan yon lekòl, ak mask nan figi w, epi omwen 3 pye apa





